



Nou voye yon dokiman taks enpòtan ba ou

Nou voye dokiman sa a pou ou paske oumenm oswa yon moun nan fanmi ou te antre nan pwoteksyon asirans sante ki gen èd finansye avèk NY State of Health pou tout ane 2014 la oswa yon pati ladan. Èd finansye sa a te sou fòm peman davans kredi taks nan prim asirans lan. Internal Revenue Service egzije tout moun oswa fanmi ki resevwa APTC (Advanced Premium Tax Credit) pou yo fè deklarasyon taks sou revni yo epi pou yo tache Fòm 8962 IRS, Kredi Taks nan Prim (Premium Tax Credit, PTC). Fòm 8962 disponib sou sitwèb IRS nan www.irs.gov. Ansanm avèk lèt sa a, w ap jwenn Fòm 1095-A, Etadkont Mache Asirans Sante (Health Insurance Marketplace). Fòm sa a ap ede ou ranpli Fòm 8962. W ap resevwa yon Fòm 1095-A pou chak plan oumenm oswa yon manm fanmi taks ou antre pandan ane 2014 la. IRS defini fanmi taks nan eksplikasyon pou Fòm 8962.

LI ENPÒTAN POU OU KONNEN

...Sa Fòm 1095-A ye.

Fòm 1095-A se yon dokiman taks tankou yon W-2 oswa yon fòm nan seri 1099 w ap itilize pou fè deklarasyon taks federal sou revni ou pou ane 2014. Tanpri sere fòm sa a pou dosye ou. Li bay pifò enfòmasyon ou bezwen pou ranpli Fòm 8962. Ou dwe ranpli Fòm 8962 ansanm avèk deklarasyon taks sou revni ou pou ane 2014 si youn nan sa ki endike anba la yo aplike pou ou oswa pou fanmi ou:

- APTC te resevwa peman pou ou oswa pou yon lòt moun ki nan fanmi taks ou.
- APTC te resevwa peman pou yon moun ou te di nou ki ta reklame yon egzanpsyon pèsònèl, si pèsòn pa reklame yon egzanpsyon pèsònèl pou li.

Nou bay Fòm 1095-A sèlman pou plan sante kalifye ou achte nan Mache Asirans lan (Marketplace) nan nivo Bwonz, Ajan, Lò ak Platin. Nou pa bay Fòm 1095-A pou plan pou medikaman ki chè anpil oswa pou plan Medicaid oswa Child Health Plus paske kliyan ki nan plan sa yo pa kalifye pou PTC.

LI ENPÒTAN POU OU KONNEN

...Kimoun pou kontakte pou jwenn èd.

Si ou gen kesyon konsènan Fòm 1095-A oswa PTC, ale sou sitwèb <http://info.nystateofhealth.ny.gov/taxcredits> oswa rele Liy Èd Community Health Advocates nan nimewo 1-888-614-5400.

Si ou panse nou te fè yon erè sou Fòm 1095-A ou, rele NY State of Health nan nimewo 1-855-766-7860.

Si ou gen kesyon konsènan Fòm 8962 oswa lòt kesyon sou taks, ale sou sitwèb www.irs.gov.